**दिन—मंगलवार** **दिनांक—16.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य मंत्रिमंडल सात निश्चय योजना—तीन कँ मंजूरी दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ भेल राज्य मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशय केर प्रस्ताव के सहमति प्रदान कयल गेल। मुख्यमंत्री स्वयं सोशल मीडिया एक्स पर पोस्ट कऽ एकर जनतब साझा कयलनि। ओ लिखलनि जे चौबीस नवम्बर दू हजार पाँच सँ राज्य मे सुशासनक राज्य स्थापित अछि। श्री कुमार कहलनि जे सात निश्चय—दू केर निर्धारित लक्ष्य के सफलतापूर्वक हासिल कयल गेल अछि आब बिहार के देशक सर्वाधिक विकसित राज्य सभक श्रेणी मे शामिल करबाक लेल सात निश्चय—तीन के लागू करबाक निर्णय लेल गेल अछि। एकर उद्देश्य दोगुना रोजगार—दोगुनी आय, समृद्ध उद्योग—सशक्त बिहार समेत सात बिंदु सभ पर प्रदेश के प्रगति पथ पर आगू बढ़ायब अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे सात निश्चय योजना—तीन केर निर्णय लेल गेल अछि। एहि तहत राज्य सरकार एक करोड़ युवा लोकनि कँ रोजगार देबाक लक्ष्य पूरा करत। ओतहि, उपमुख्यमंत्री सह भू—राजस्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सात निश्चय—तीन नव सरकारक नव पहल अछि। ओ कहलनि जे आबयवला समय मे बिहार विकसित राज्य सभक श्रेणी मे ठाढ़ होयत।

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन आइ लोकसभा मे बीमा कानून सभ मे संशोधन सँ संबंधित विधेयक "सबका बीमा सबकी रक्षा" पेश कयलनि। ई विधेयक बीमा अधिनियम—उन्नैस सय अड़तीस, जीवन बीमा निगम अधिनियम—उन्नैस सय छप्पन आ बीमा नियामक आओर विकास प्राधिकरण अधिनियम—उन्नैस सय निनानवे मे संशोधन करैत अछि।

---

केन्द्रीय उपभोक्ता मामिला सभक मंत्री प्रल्हाद जोशी कहलनि जे राज्य सरकार सभ दू करोड़ सँ बेसी अपात्र आ फर्जी राशन कार्ड रद्द कऽ देलक अछि। श्री जोशी आइ राज्यसभा मे प्रश्नकालक दरमियान पूरक प्रश्न सभक उत्तर दैत जनौलनि जे राशन कार्ड के हटायब वा जोड़ब राज्य सरकारक जिम्मेदारी अछि। ओ कहलनि जे देश मे सार्वजनिक वितरण प्रणालीक पात्र लाभार्थी लोकनि कैँ लक्षित करबाक लेल निनानवे प्रतिशत सँ बेसी राशन कार्ड आधार सँ लिंक कयल जा चुकल अछि।

---

भाजपाक नवनिर्वाचित कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन आइ राज्य सरकारक मंत्री पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि। श्री नबीन लऽग पथ निर्माण विभाग आ नगर विकास विभागक जिम्मेदारी छल। ध्यातव्य अछि जे काल्हिए श्री नबीन राष्ट्रीय अध्यक्षक पदभार सम्हारलनि अछि।

---

आइ विजय दिवस अछि। आजुके दिन उन्नैस सय एकहत्तरि मे भारत पाकिस्तान के युद्ध मे पराजित कयने छल। एहि अवसर पर जीतक नायक रहल सैनिक लोकनि कैँ नमन कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया एक्स पर अपन संदेश मे कहलनि जे सैनिक लोकनिक साहस आ बलिदान भारत कैँ ऐतिहासिक जीत दियौलक। श्री मोदी कहलनि जे सैनिक लोकनिक पक्का इरादा आ निस्वार्थ सेवा देश कैँ गौरवक पल दियौलक। एम्हर, राजधानी पटनाक कारगील चौक स्थित शहीद स्मारक समेत प्रदेशक कतेको भाग सभ मे शहीद लोकनिक सम्मान मे विजय दिवसक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

निगरानी विभागक टीम आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे आरोपी भवन निर्माण विभागक निदेशक गजाधर मंडलक पटना स्थित कार्यालय मे आइ छापेमारी कयलक। एहि दरमियान कतेको महत्त्वपूर्ण कागजात जब्त कयल गेल अछि। गजाधर मंडलक खिलाफ आय सँ बेसी दू करोड़ बेरासी लाख एकसठि हजार टाका अर्जित करबाक आरोप अछि। निगरानी केर

अधिकारी जनौलनि जे आगूक कार्रवाई जारी अछि। एम्हर, सहरसा जिलाक पतरघट प्रखंड कार्यालय मे कार्यरत राजस्व कर्मचारी राहुल कुमार के निगरानीक टीम पाँच हजार टाका घूस लेबाक आरोप मे गिरफ्तार कऽ लेलक। आरोपी जमीनक दाखिल–खारिज केर एवज मे रिश्वतक मांग कऽ रहल छल।

———————————————————————

इंडियन प्रीमियर लीग, आईपीएल दू हजार छब्बीस लेल आइ यूएई केर अबूधावी मे खेलाड़ी सभक नीलामीक प्रक्रिया जारी अछि। एहि वर्ष देश–विदेशक तीन सय पचास खेलाड़ी नीलामी मे शामिल कयल गेल छथि। नीलामी मे आस्ट्रेलियाई खेलाड़ी कैमरूप ग्रीन कँ कोलकाता नाईट राइडर्स पच्चीस करोड़ बीस लाख टाकाक एखन धरिक सभ सँ पैघ बोली लगलाकऽ खरीद लेलक अछि। बिहार क्रिकेट एसोसिएशन द्वारा भेजल गेल सूचीक अनुसार प्रदेशक चारि खेलाड़ी नीलामी मे शामिल छथि। एहि मे गोपालगंजक दहिना हाथक तेज गेंदबाज साकिब हुसैन, सुपौलक रहनिहार तेज गेंदबाज मोहम्मद इजहार, मोतिहारीक साबिर खान आ औरंगाबादक रहनिहार विकेटकीपर बल्लेबाज बिपिन सौरभ केर नाम नीलामी मे शामिल कयल गेल छनि। एकरा अलावा भारतीय टीम मे शामिल बिहारक युवा तेज गेंदबाज आकाश दीप लेल सेहो टीम सभ बोली लगा रहल अछि। आकाश दीप कँ लखनऊ सुपर जायंट्स रिलीज कऽ देलक अछि। एम्हर, ईशान किशन, मुकेश कुमार आ वैभव सूर्यवंशी कँ अलग–अलग टीम सँ रिटेन कऽ लेलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।